

# ANN OUVÈ PÒT POU KONESANS

ALFABETIZASYON SE ZAFÈ  
TOUT FANMI AN



**NEW VISIONS**  
FOR PUBLIC SCHOOLS

Se yon piblikasyon *New Visions for Public Schools*

REYALIZE GRASA A KOKENN ÈD DEPATMAN EDIKASYON VIL NOUYÒK AK *RANDOM HOUSE, INC.*



DEPATMAN EDIKASYON  
VIL NOUYÒK

Chè Paran ak granmoun responsab fanmi:

Nou gen yon kokenn defi pou nou leve. Pou pitit nou yo gen siksè nan ekonomi global sa a ki chita sou konesans, y ap bezwen yon edikasyon solid. Pitit nou yo ap bezwen amelyore konesans debaz yo nan kapasite pou li, ekri, pale ak koute pou yo vin genyen lespri kritik epi pou yo itilize bon sans yo lè y ap itilize enfòmasyon yo.

Pitit nou yo fèt pou konprann tout kalite materyèl lekti e yo dwe kapab ekri klè epi ak asirans. Yo dwe kapab jwenn epi itilize enfòmasyon pou pran desizyon epi vin gen nouvo konesans. Y ap bezwen reflechi sou sijè ki konplike. Konesans sa yo pral pèmèt pitit nou yo dekouvri epi byen konpòte yo nan lemond, pèmèt yo poze kesyon, chache repons e devlope endepandans yo. Alfabetizasyon se pòt ouvè pou konesans ak avni yo.

Nou pa aprann li ak ekri lekòl sèlman; sa ka fèt toupatou, depi nan li afich nan tren ak bwat sereyal, ak koute istwa fanmi an nan lang natifnatal oubyen nan eksplore entènèt. Ou kapab bay yon gwo bourad nan fè pitit ou devlope kapasite pou l li ak ekri. Gid sa a fèt pou l fè alfabetizasyon vin zafè tout fanmi an, konsa ou va ede nan devlope kapasite pitit ou pou l li ak ekri depi jou yo kòmanse pale rive jou yo diplome nan lekòl segondè.

Dapre etid ki fèt paran ak granmoun responsab fanmi an genyen gwo enfliyans sou kapasite pitit yo pou yo konn li lè yo antre lekòl. Kapasite pou li, ekri, pale ak koute kontinye devlope epi chanje chak ane. Enfliyans pozitif fanmi an rete enpòtan pandan jèn moun yo ap grandi soti nan lekòl primè ale nan lekòl entèmedyè rive nan lekòl segondè. Gid sa a ap ede w konprann kisa ou kapab atann onivo devlopman pitit ou epi montre w sa pou chache nan klas li. Li ba w tou anpil konsèy sou kòman ou kapab ede pitit ou nan chemen sa a.

Lavni pitit nou yo chita sou konesans enpòtan sa yo. Tanpri mete w ansanm avèk nou pou ede timoun nou yo reyisi.

Chanselye Joel I. Klein

# ALFABETIZASYON

se kle ki ouvé pòt lavni tout jèn moun.

Avèk bon ladrès nan lekti, ekriti, pale ak koute pitit nou yo ap prepare pou reyisi lekòl, devlope pwòp enterè yo, diplome nan inivèsite epi jwenn bon travay.

Yon ekip edikatè ak bibliyotèkè reyalize Gid alfabetizasyon pou fanmi sa a pou ede paran ak granmoun responsab fanmi ranfòse kapasite pou li ak ekri nan lavi pitit yo depi lè yo fèt rive nan klas 12yèm ane.

W ap jwenn nan gid sa a :

- kòman timoun devlope kapasite pou yo li
- ki eksperyans pitit ou pral fè lekòl
- kisa w kapab fè lakay ou pou ede yo aprann pi bon jan pou itilize yon lang

Nou mete nan gid la yon ti lis liv ki apwopriye pou chak klas, pwofèsè ak bibliyotèkè yo chwazi pou bay yon apèsi sou bonjan kalite liv ou kapab jwenn nan bibliyotèk ak nan lekòl nan vil Nouyòk. Nou espere liv sa yo ap pèmèt fanmi an pase bon moman pou fè ansanm aktivite alfabetizasyon pou fanmi an.

Ti liv sa a fèt pou li ranfòse kolaborasyon ki ede devlope bon jan ladrès nan lekti ak ekriti kay tout jèn nou yo. Tanpri, li l kounye a epi sere l pou ka sèvi avè l apre.

Kòm paran, ou se manm pi enpòtan nan edikasyon pitit ou. Mèsi dèske ou ede nou bay pitit ou yon bon jan bourad pou li reyisi nan lavi!

## NEW VISIONS FOR PUBLIC SCHOOLS

an kolaborasyon avèk

Depatman Edikasyon vil Nouyòk  
Bibliyotèk piblik vil Nouyòk  
Bibliyotèk piblik Brooklyn  
Bibliyotèk piblik Queens

## SA KI NAN LIV SA A

**Ki sa yo rele alfabetizasyon? paj 2**

**Kòman mwen kapab fè alfabetizasyon vin pati lavi fanmi an? paj 3**

**Ki kapasite pitit mwen an bezwen nan li, ekri, pale ak koute e kòman mwen ka ede l devlope yo? paj 6**

- De lè li fèk fèt rive nan klas prematènèl
- Nan jadendanfan
- Nan klas 1ye ane ak nan klas 2zyèm ane
- Nan klas 3zyèm ane rive nan klas 5yèm ane
- Nan klas 6zyèm ane rive nan klas 8yèm ane
- Nan klas 9yèm ane rive nan klas 12zyèm ane

**Ki ti konsèy ki kapab ede m soutni pitit mwen an nan li, ekri, pale ak koute? paj 32**

- Chwazi liv ki "Just Right" yo  
Kisa w ka fè si pitit ou a gen difikilte pou l li?
- Ankouraje jèn moun nou an li
- Lekti, ekriti, pale ak koute ak teknoloji
- Kominikasyon atravè entènèt

**Ki kote mwen ka jwenn resous pou ede m? paj 38**

- Ed kominotè pou alfabetizasyon pou fanmi

## KI SA YO RELE ALFABETIZASYON?

Alfabetizasyon se kapasite pou sèvi ak koute, pale, li ak ekri pou antre ankontak ak lòt moun, pou aprann nouvo lide, pou echanje enfòmasyon epi pou eksprime panse ak santiman w.

Jèn moun yo devlope kapasite pou li ak ekri ofiamezi :

YO KÒMANSE PA. . .		POU RIVE. . .
Dekouvri son gen siyifikasyon.	KOUTE	konprann sa yo tande a.
Fè babiyaj ak imite son.	PALE	eksprime lide e konvenk lòt moun.
Aprann rekonèt lèt ak mo.	LEKTI	fwonn epi konprann enfòmasyon ekri.
Aprann kenbe yon kreyon.	EKRITI	ekri pou yo eksprime yo ak ekri pou <i>business</i> .

Si pitit ou devlope

...kapasite pou l aprann nouvo enfòmasyon, epi

...kapasite pou l kominike byen ak lòt moun,

anpil pòt pou li fwonn opòtinite ekonomik ak sosyal ap ouvri pou li nan lavi.

### KÒMAN KAPASITE POU LI AK EKRI DEVLOPE?

Tout timoun pa menm. Chak timoun gen pwòp melanj potansyèl li ak enterè l. Gen jan pou aprann ki sa ki mache pi byen pase lòt, pou chak timoun.

Ou konnen pitit ou piyen pase pesòn. Ou kapab idantifye potansyèl li ak enterè l epi ou kapab sèvi ak konesans sa a pou ede li devlope kapasite pou l li ak ekri, toulede kote lakay ou, epi an kolaborasyon ak pwofesè a ak lòt moun nan lekòl la.

Chak timoun devlope ak pwòp vitès pa l. Yon timoun kapab kòmanse li byen bonè tandiske yon lòt vin renmen li ennan oubyen dezan apre.

# KOMAN MWEN KAPAB FÈ ALFABETIZASYON VIN FÈ PATI LAVI FANMI AN?

## KÈK BAGAY JENERAL OU KAPAB FÈ:

### PALE

ak pitit ou sou bagay ki enterese l.

### POZE KESYON

ki kapab ankouraje pitit gason w oswa pitit fi w obsève epi aprann, kesyon ki ankouraje l fè fraz lè l ap reponn men pa reponn sèlman pa wi oubyen non. Pale ak koute ranfòse kapasite pou li ak ekri.

### TANDE

kesyon l yo epi ede l jwenn repons yo. Montre pitit ou an ki jan pou l jwenn enfòmasyon poukont li.

### PALE

tout kalite bagay ak pitit ou. Pale sou mo ou sèvi pou ede l konnen mo yo epi pou l gen yon vokabilè solid.

### ANRICH

anviwònman pitit ou, mennen l nan zoo, nan bibliyotèk, nan mize, nan aktivite espòtif oubyen kiltirèl. Pale sou eksperyans nou fè ansanm lan.

### MENNEN

pitit ou al tandè ekri li pi renmen yo lè y ap pale nan bibliyotèk, nan libreri, nan festival liv ak nan sant kominotè.

### LI

pou pitit ou regilyèman! Si w kòmanse li pou yon tibebe ki fèk fèt pandan sèlman dis minit pa jou, timoun sa a ap gen tan tandè plis pase 3 000 èdtan istwa lè li lè pou l al lekòl. Menm lè timoun yo kapab li poukont yo, si ou li pou yo, lekti ap vin fè pati lavi chak jou yo e sa pral kontribye anpil nan kapasite pou yo li ak ekri.

### MONTRE

pitit ou sèvi ak lang la pou l regle afè l. Pa egzanp, montre l kòman pou l li yon meni, pou l ekri yon lèt pou l di mèsi oubyen bay opinyon l sou kèk sijè enteresan nan aktyalite a.

**PATISIPÈ**

nan klas pitit ou nenpòt lè yo envite paran. Tout timoun yo ap pwofite lè ou pataje istwa w, kilti w ak resous ou yo avè yo. Pitit ou a ap wè ou ba edikasyon l valè.

**ANKOURAJÈ**

pitit ou li tout kalite liv—soti nan istwa ak literati rive nan biyografi, pwezi ak liv ki bay enfòmasyon sou lòt sijè li pi renmen.

**CHACHE**

liv ki prezante sou lòt fòm nan bibliyotèk la (liv sou *tape* oubyen sou *CD*, nan video, nan *DVD*).

**ANKOURAJÈ**

pitit ou sèvi avèk ladrès li nan lekti ak rekasyon pou ede lòt moun. Pa egzanp, pitit gason w oubyen pitit fi w kapab li pou timoun pi piti oswa pou granmoun. Li ta kapab ekri lèt, ekri mesaj yo ba l nan telefòn ak lis pou fè mache.

**EDE**

pitit ou fè plan pou lavni epi montre l kòman kapasite pou l li ak ekri ap ba l mwayen pou l atenn objektif enpòtan yo.

**SONJE OU PA POUKONT OU.**

Si w dekouvri pitit ou an reta parapò ak lòt elèv nan klas li pou l devlope kapasite pou l li ak ekri, li bon pou w konnen kominote a kanpe avèk ou pou ede pitit ou a ratrape l. Dènye seksyon nan ti liv sa a bay yon lis resous ki la pou ede w. Pa egzanp:

pwogram apre lekòl,

sèvis leson patikilye, ak

pwogram bibliyotèk ak pwogram pou jèn moun yo ofri nan kominote kote w abite a.

Youn nan pi enpòtan kolaboratè w se pwofesè pitit ou. Objektif pa l tou se fè pitit ou a li ak ekri byen! Pou w kapab pran randevou pou pale avèk pwofesè a swa nan lekòl la swa nan telefòn, rele lekòl la epi kite yon mesaj nan biwo direktè a oubyen koòdonatè paran.

Pwofesè a se pi bon sous enfòmasyon w. Mande :

Kisa pwofesè a vle pou pitit ou aprann ane sa a.

Ki pwogrè pitit ou ap fè.

Ki potansyèl ak enterè pwofesè a obsève nan pitit ou.

Nan ki domèn pitit ou bezwen plis pratik.

Pwofesè a bezwen enfòmasyon nan men w tou.

Di l ki liv pitit ou a pi renmen, amizman l ak bagay ki entere l.

Di l ki lang ou pale lakay ou ak sa ki gen nan kilti pa w.

Di l nan ki domèn pitit ou gen difikilte epi ki jan li aprann lakay ou.

Lòt moun nan lekòl pitit ou a ap kolabore avè w pou ede l devlope kapasite pou l li ak ekri :

bibliyotekè,

direktè lekòl,

responsab pwogram apre lekòl yo ak

koòdonatè paran yo.

## ÈSKE W KONNEN...?

Premyè ane apre yon tibebe fèt (rive twazan) se youn nan peryòd ki pi enpòtan nan lavi fizik, entelektyèl ak sikolojik yon timoun. Katreven pousan nan devlopman sèvo a fèt pandan ane sa yo.

Distans pou yon timoun antre nan jadendanfan, l ap gen tan aprann mwaye sa li gen pou aprann nan tout vi !!

Timoun aprann lang natifnatal yo nan koute depi lè yo fèt.

Vè laj katran timoun pran plezi pou yo fè rim epi pou yo tande pwezi ak vè ki pa gen sans.

Chak kilti sou latè genyen bèsez, chante ak rim pou timoun avèk jwèt dwèt pou pataje ak tibebe ak timoun toupiti.

Timoun ki gen ant dezan ak setanpanse tout moun wè lemonn menm jan avèk yo.

## KI KAPASITE PITIT MWEN AN BEZWEN NAN LI, EKRI, PALE AK KOUTE E KÒMAN MWEN KA EDE L DEVLOPE YO?

### DE LÈ LI FÈK FÈT RIVE NAN PREMATÈNÈL

---

Tibebe tande, yo reyaji epi yo jwe ak son depi lè yo fèk fèt. Yo fè ti babiyaj, yo imite e yo eseye pale. Sa a se yon etap enpòtan pou devlope kapasite pou l li ak ekri. Plis timoun yo tande mo ak istwa nan peryòd sa a—kèlkeswa lang ou pale lakay ou—se plis l ap fasil pou yo aprann li ak ekri ann angle apre.

Timoun piti renmen koute. Yo renmen pou yo tande yo li awotvwa liv yo pi renmen yo toutan. Yo di “poukisa?” sèlman pou yo kapab tande w pale.

Timoun piti renmen pale. Depi yo dekouvri son genyen sans, yo aprann nouvo mo pi vit epi yo kòmanse sèvi avèk yo pou yo antre an relasyon ak granmoun.

Timoun piti renmen li. Yo kontan manyen liv epi ofiyamezi yo aprann li yo soti nan kòmansman rive nan fen e soti agòch pou rive adwat. Timoun preskolè kapab kòmanse aprann alfabè, rekonèt lèt epi asosye yo ak son yo.

Timoun piti renmen ekri. Yo imite sa yo wè granmoun ap fè e yo aprann ekspri sa yo panse nan fè majigridi ak desen.

### KISA W KAPAB FÈ LAKAY OU?

---

Pale ak pitit ou :

Pale bagay ki fèt chak jou. Di non bagay pitit ou wè.

Pale osijè afich ak etikèt, montre l mo yo.

Pale osijè foto ki nan liv yo.

Pale osijè pwogram nan televizyon oubyen yon video pitit ou ap gade.

Rakonte l istwa fanmi w, yon bagay ou sonje ke w te renmen oubyen eksperyans ou te viv.

Chante chante.

Montre rim yo fè pou tibebe.

Montre chante alfabè a.

Fè jwèt fèkòmsi.

Dekri sa ou fè avèk mo pitit ou kapab itilize.

Koute pitit ou :

- Poze kesyon sou sa li wè ak sa l ap fè.
- Poze kesyon sou desen l ak majigridi li fè.
- Ankouraje pitit ou rakonte w istwa.
- Pran pasyans pou tandè kesyon l epi ba li yon repons.

Li pou pitit ou :

- Pwogramme yon lè ak yon kote fiks pou li pou pitit ou chak jou.
- Sèvi ak liv ki soti nan bibliyotèk. Kite pitit ou chwazi kèk ladan yo.
- Li epi reli liv li pi renmen yo pou li, nan kèlkeswa lang ou pale a.
- Fè liv pou nou li ansanm avèk foto ou dekoupe nan revyè oubyen nan katalòg.
- Si se pa angle yo pale lakay ou, mennen pitit ou nan bibliyotèk piblik kote bibliyotekè yo ap li pou li ann angle.
- Sèvi ak liv alfabè pou montre l son lèt yo.

Ankouraje pitit ou fè desen epi ankouraje l ekri :

- Fè l jwenn materyèl pou l fè desen epi afiche desen yo.
- Mande pitit ou a fè desen yon bagay ki te nan istwa li pi renmen an.
- Ekri non objè yo sou desen pitit ou fè pou li kapab kòmanse fè rapò ant lide ak mo ekri.
- Fè pitit ou rakonte w yon istwa, ekri l epi retounen li l pou li.
- Montre pitit ou kòman w ekri.
- Lè pou bay kado, sonje ou kapab bay liv, kreyon koulè, papye espesyal, abònman revyè oubyen lòt bagay ki fè lakay ou vin gen yon bon jan anviwonman pou l aprann li ak ekri.
- Fè pitit ou wè ou li epi ou ekri tou. L ap konprann se yon konesans enpòtan pou "granmoun" nou tout sèvi avè l chak jou.

## 10 PI BON KOTE FANMI KAPAB DEVLOPE KAPASITE POU TIMOUN PREMATÈNÈL APRANN LI AK EKRI :

- |                                   |                        |
|-----------------------------------|------------------------|
| 10. sou afich ak pankat nan lari. | 5. nan magazen.        |
| 9. nan katye w.                   | 4. nan bibliyotèk.     |
| 8. nan restoran.                  | 3. nan otobis ak tren. |
| 7. nan pak ak nan zoo.            | 2. lakay ou.           |
| 6. sou lakou rekreyasyon.         | 1. tout kote!          |

## LIV YO REKÒMANDE POU LI AWOTYWA : POU TIBEBE KI FÈK FÈT RIVE NAN PREMATÈNÈL

Men kèk liv timoun nan laj sa a renmen. Ou kapab jwenn liv sa yo nan bibliyotèk piblik nan katye w. Mande bibliyotèkè a rekòmande w lòt bon liv tou.

OTÈ	LIV
Molly Bang	Ten, Nine, Eight
Byron Barton	The Little Red Hen
Margaret Wise Brown	Goodnight Moon The Runaway Bunny
Eric Carle	The Very Hungry Caterpillar The Grouchy Ladybug
Lucy Cousins	Maisy Goes Swimming
Donald Crews	Freight Train
Lois Ehlert	Growing Vegetable Soup
Rebecca Emberley	My Colors = Mis Colores
Denise Fleming	The Everything Book
Minfong Ho	Hush! A Thai Lullaby
Tana Hoban	Exactly the Opposite
Ezra Jack Keats	The Snowy Day Whistle for Willie
Robert Kraus	Whose Mouse Are You?
Ruth Krauss	Carrot Seed
Leo Lionni	Swimmy
Arnold Lobel (Illustrator)	The Arnold Label Book of Mother Goose
Margaret Read MacDonald	Tuck-Me-In-Tales
Bill Martin, Jr. and John Archambault	Chicka Chicka Boom Boom
Bill Martin, Jr. and Eric Carle	Brown Bear, Brown Bear, What Do You See?
Margaret Miller	Big and Little
Watty Piper	The Little Engine That Could
Beatrix Potter	The Tale of Peter Rabbit
Peggy Rathmann	Goodnight, Gorilla
Lynn Reiser	Margaret and Margarita/Margarita y Margaret
Richard Scarry	Cars and Trucks and Things That Go
Maurice Sendak	Alligators All Around
David Shannon	No, David!
Peter Sis	Ballerina Fire Truck
John Steptoe	Baby Says
Robert Louis Stevenson	A Child's Garden of Verses
Paul and Henrietta Stickland	Dinosaur Roar!
Natasha Anastasia Tarpley	I Love My Hair!
Rosemary Wells	Max's Breakfast
Mo Willems	Don't Let the Pigeon Drive the Bus!
Paul Zelinsky	The Wheels on the Bus

## JADENDANFAN

Jadendanfan se yon ane timoun anvi fè dekouvet. Timoun ap dekouvi son ak mo epi yo devlope konesans nan lang lan. Yo kòmanse fè eksperyans aktivite pou aprann li ak ekri tout bon tankou li liv ansanm ak klas la, aprann alfabè, pale avèk pwofesè a sou yon liv yo te li.

Rive nan fen jadendanfan, genyen timoun ki fèk aprann tande istwa. Gen lòt ki kapab li lèt ak mo senp. Pifò—men se pa tout—timoun nan jadendanfan konnen alfabè a—lèt ak son yo—epi yo kapab li non pa yo. Souvan, yo kapab rekonèt mo yo wè alantou yo tankou “STOP.” Pifò ap kapab konte rive 10 e rekonèt sèten chif alekri.

Timoun jadendanfan renmen istwa. Yo renmen chita ak youn nan liv yo pi renmen yo epi yo fè kòm si yo t ap li. Yo rive menm fè teyat ak istwa yo pandan y ap jwe ak zanmi.

### ÈSKE W KONNEN...?

Pi bon jan pou konnen kòman yon timoun pral aprann li byen fasil se si li antre lekòl avèk yon bon vokabilè.

Lang angle se lang ki gen pi plis vokabilè pase tout lang. Lang angle prete anpil mo nan lòt lang.

## NAN LEKÒL LA, TIMOUN YO KAPAB:

### PALE AK TANDE

Aprann son lang lan : pratike son, mete son ansanm pou fè mo epi dekonpoze mo yo pou wè diferan son yo (fonemic).

Aprann kijan son, lèt ak mo gen rapò ant yo (fonik).

Pale youn ak lòt, bay istwa, montre bagay enteresan ki soti lakay yo, envante rim, fè teyat epi sèvi ak imajinasyon yo.

Koute timoun ki nan menm klas avèk yo ak respè.

Poze kesyon.

Pale youn apre lòt.

Swiv direksyon.

## LEKTI

Pran plezi nan liv y ap “li” yo paske yo te chwazi liv yo kapab li fasil.

Pataje kilti lakay yo, lang yo ak tradisyon yo ak lòt timoun nan klas la.

Tande istwa pwofesè a ap li awotwa pou yo, li istwa pou yo ankò epi diskite sou yo.

Aprann konnen son lèt yo epi kòman son lèt yo varye pou fè mo.

Li awotwa.

Li epi pran plezi li plizyè liv san rete epi san yo pa reflechi sou chak mo yo pa konnen.

Fè yon efò pou reli sa yo ekri.

## EKRITI

Ekri lèt ak mo yo ka analize.

Kòmanse ekri istwa kote yo envante òtograf (eple mo pou yo sèvi ak lèt yo tande yo) epi ak foto yo.

Rakonte istwa pou pwofesè a ekri pou yo pou yo kapab wè mo yo alekri.

## KISA W KAPAB FÈ LAKAY OU?

### PALE EPI KOUTE

Pale ak pitit ou sou sa li fè, li wè epi li li pandan jounen an.

Ankouraje pitit ou poze kesyon, bay opinyon l epi pataje enfòmasyon.

Fè jwèt epi chante chante ki montre rapò ant son yo, mo yo ak jan yo ekri.

Rakonte pitit ou istwa fanmi w.

Tande pitit ou epi mande l pou l tande lòt moun.

Fè pitit ou aprann non li ak siyati l ak adrès li.

**LEKTI**

Li awotwva pou pitit ou epi pale sou sa nou li ansanm. Fè koneksyon ak istwa timoun lan te li deja.

Li liv pitit ou konnen deja pou l kapab li yo ansanm avèk ou.

Ede pitit ou fè son oubyen li etikèt, sa ki sou bwat sereyal, ansèy magazen ak lòt bagay ki ekri alantou kay ou.

**EKRITI**

Fè desen ak pitit ou epi pale sou istwa ki genyen nan desen an. Ankouraje pitit ou fè desen apati istwa l li tandè ak film li wè yo.

Ede pitit ou aprann ekri non l ak siyati l ak nimewo telefòn li.

Ede pitit ou ekri panse pa l.

## LIV YO REKÒMANDE POU LI AWOTYWA : JADENDANFAN

Men kèk liv timoun nan laj sa a renmen. Mande bibliyotèkè a oswa pwofesè a rekòmande w lòt bon liv. Ou kapab jwenn liv sa yo ak lòt liv :

- Nan bibliyotèk lekòl pitit ou.
- Nan bibliyotèk nan klas yo.
- Nan yon branch bibliyotèk piblik nan katye w.

OTÈ	LIV
Ludwig Bemelmans	Madeline
Jan Brett	The Mitten
Sandra Cisneros	Hairs/Pelitos
Nina Crews	One Hot Summer Day
Doreen Cronin	Click, Clack, Moo: Cows That Type
P. D. Eastman	Go, Dog, Go!
Wanda Gag	Millions of Cats
Eloise Greenfield	She Come Bringing Me That Little Baby Girl
Bill Harley	Sitting Down to Eat
Kevin Henkes	Chrysanthemum Lilly's Purple Plastic Purse Wemberly Worried
Amy Hest	Off to School, Baby Duck
Lillian Hoban	Arthur's Pen Pal
Pat Hutchins	Don't Forget the Bacon The Doorbell Rang
James Marshall	George and Martha
Robert McCloskey	Make Way for Ducklings Blueberries for Sal
Patricia McKissack	Mirandy and Brother Wind
Kate McMullan	I Stink!
Laura Joffe Numeroff	If You Give a Mouse a Cookie
Brian Pinkney	Max Found Two Sticks
Carole Lexa Schaeffer	The Squiggle
Maurice Sendak	Where the Wild Things Are
Dr. Seuss (Theodore S. Geisel)	The Cat in the Hat Green Eggs and Ham
Sherry Shahan	Spicy Hot Colors
David Shannon	Duck on a Bike
William Steig	Amos & Boris Dr. De Soto
Anastasia Suen	Subway
Hildegard Heyt Swift	The Little Red Lighthouse and the Great Gray Bridge
Martin Waddell	Farmer Duck
Mo Willems	Knuffle Bunny: A Cautionary Tale
Vera B. Williams	A Chair for My Mother
Taro Yashima	Umbrella

## KLAS 1YÈ ANE AK KLAS 2YÈM ANE

Timoun antre nan klas 1yè ane ak diferan nivo kapasite pou yo li. Genyen ki konn li; gen sa ki fèk kòmanse ap li; genyen ki pako kòmanse li ditou. Rive nan fen premyè ane, pifò timoun ap amelyore konesans yo nan lekti epi y ap kapab fè rezime epi reponn kesyon sou sa yo li.

Kapasite yon elèv 1yè ane pou l ekri depann anpil de eksperyans li te genyen pou l li ak tande. Timoun ki konn istwa konnen ki jan pou yo envante pa yo. Gen timoun ki ekri byen lè yo antre nan klas 1yè ane tandiske gen lòt ki gen difikilte pou ekri. Rive nan fen 1yè ane, pifò timoun ap kapab kominike dapre sa yo ekri ak desine epi y ap ka fè mo ak lèt y ap ekri ki koresponn ak son yo tande yo (sa yo rele *invented spelling*).

Anpil elèv klas 2yèm ane konnen enpòtans lekti epi yo vle vin konn li byen. Nan klas 2yèm ane, timoun yo pran plezi tande yo li liv ki gen istwa pi konplike. Gen kèk k ap kòmanse li liv ki divize an chapit.

Elèv klas 2yèm ane kòmanse montre pèsonalite yo nan sa yo ekri. Anpil timoun kòmanse ekri pou plezi yo. Yo kontinye sèvi ak *invented spelling* e yo pran plezi eseye nouvo kalite istwa, pafwa yo imite liv oubyen otè yo pi renmen yo.

### ÈSKE W KONNEN. . . ?

Lè bibliyotèk piblik kòmanse ofri koleksyon liv pou timoun, pa preske te genyen liv ki te ekri espesyalman pou timoun. Kounye a, yo pibliye plis pase 13 000 tit chak ane pou ti-bebe, timoun ak jèn moun.

Lè timoun wè granmoun yo pi renmen ap li ak ekri lakay yo, sa vin fè lekti ak ekriti parèt tankou yon aktivite granmoun ap fè yo ta renmen fè tou. Se pou sa li enpòtan anpil pou moun bay egzanp y ap li ak ekri.

## NAN LEKÒL LA, TIMOUN YO KAPAB :

### PALE AK KOUTE

Rakonte istwa oubyen jwe nan pyès teyat.

Pataje lide ak obsèvasyon ak elèv nan klas yo ak pwofesè yo.

Pale de liv ak timoun nan klas yo ak pwofesè a.

Rakonte moun istwa fanmi yo.

## LEKTI

Mete son ak lèt ansanm pou fè son pou nouvo mo.

Etidye mo pou chèche sa yo vle di, idantifye mo ki gen rapò ak lèt, epi wè diferan jan yo kapab itilize mo yo.

Aprann kòman pou yo chwazi liv ki koresponn ak nivo lekti yo.

Pran plezi nan sa y ap li ak ekri, pale de sa yo renmen epi fè rekòmandasyon youn ba lòt.

Itilize diferan manyè pou rezoud pwoblèm li gen pou l li (tankou fè son mo yo, chache pati nan mo a yo konnen, jwenn sans mo yo apati jan yo itilize yo nan fraz la oswa nan istwa a).

Li pwezi, liv ki gen foto, liv istwa ak liv ki bay enfòmasyon.

## EKRITI

Eseye chache diferan kalite metòd ekritman (pa egzanz, kenbe nan yon kaye mo yo pi renmen, ekri ti lèt ba zanmi yo).

Ekri istwa ki gen yon kòmansman, yon mitan ak yon fen.

Pale sou sa yo ekri a.

Eple mo yo konnen kòrèkteman.

Sèvi ak pwen final, pwen entèwogasyon, pwen eksklamasyon ak lèt majiskil.

Pibliye sa yo ekri.

## KISA W KAPAB FÈ LAKAY OU?

### PALE AK KOUTE

Enterese nan sa pitit ou ap li ak ekri.

Pale sou eksperyans ou te fè ak pitit ou. Mande pitit ou pale w de eksperyans sa a oubyen de yon bagay yon lòt moun te di.

Pale ak pitit ou sou sa l li ak ekri. Poze kesyon si w pa konprann sa pitit ou ap eseye di.

Jwe jwèt tankou “*I Spy*” (“*I Spy* yon bagay ki kòmanse ak lèt B”), *Junior Scrabble*, oubyen *Trivial Pursuit*.

Ankouraje pitit ou itilize nouvo mo nan konvèsasyon.

Mande pitit ou pale sou sa li renmen anpil ak sa ki enterese l.

### LEKTI

Li ak pitit ou chak jou. Kontinye li awotwva pou pitit ou epi mande l li pou ou. Mande l sa istwa yo fè l sonje, a kisa yo fè l panse oubyen ki kesyon ki vin nan tèt li.

Si w pi alèz pou li nan yon lòt lang, sèvi ak liv ki ekri e ann angle e nan lang pa w la. Lè w fè bagay sa yo ansanm avèk li, sa pèmèt li aprann toude lang yo. Nou kapab li nan chak lang yo youn apre lòt.

Ankouraje pitit ou nan efò l ap fè pou l li. Pa entèwonp li pou korije fot ki pa afekte istwa a. Ede pitit ou pwononse mo yo gras a foto ansanm ak son lèt yo.

Mande pitit ou pale w de istwa nou li ansanm yo. Mande l di w ki sa li panse ki pral pase apre oubyen kisa pèsonaj yo kapab fè.

Mennen pitit ou nan bibliyotèk pou l prete liv.

Ankouraje pitit ou li tout kalite liv (liv istwa, liv ki gen foto, liv pwezi, liv ki rakonte istwa ki pase tout bon) ak tout sa ki gen ozalantou (journal, afich, bwat sereyal).

Mande pitit ou pou l li istwa pa l pou ou epi pou l pale w de yo.

### EKRITMAN

Mande pitit gason w oubyen pitit fi w pou li ekri yon bagay pou ou, tankou yon lèt ba yon fanmi oubyen yon lis pou al fè mache. Kite ti nòt pou pitit ou epi ankouraje l pou li ekri ti nòt pou ou tou.

Bay pitit ou opòtinite pou l ekri avèk diferan kalite materyèl, tankou nan òdinatè si w kapab jwenn youn.

**LIV KI REKÒMANDE: KLAS 1YÈ ANE AK KLAS 2YÈM ANE**

Men kèk liv timoun laj sa a renmen. Ou kapab vle li kèk ladan yo pou pitit ou ; pitit ou kapab vle li kèk ladan yo pou ou.

Mande bibliyotekè a oubyen pwofesè a pou yo rekòmande lòt bon liv.

Kote ou kapab jwenn kopi liv sa yo ak lòt liv?

- Nan bibliyotèk lekòl pitit ou.
- Nan bibliyotèk nan klas yo.
- Nan yon branch bibliyotèk piblik nan katye w.

OTÈ	LIV
Harry G. Allard	Miss Nelson is Missing!
Margery Williams Bianco	The Velveteen Rabbit
Marc Brown	Arthur's Nose
Virginia Lee Burton	Mike Mulligan and His Steam Shovel
Doreen Cronin	Diary of a Worm
Tomie De Paola	Strega Nona
Arthur Dorros	Abuela
Heather Forest	Stone Soup
Hardie Gramatky	Little Toot
Lily Toy Hong	Two of Everything: A Chinese Folktale
Elizabeth Fitzgerald Howard	Virgie Goes to School with Us Boys
Angela Johnson	Julius
Kathleen Krull	Wilma Unlimited: How Wilma Rudolph Became the World's Fastest Woman
Munro Leaf	The Story of Ferdinand
Arnold Lobel	Frog and Toad are Friends
Margaret Read MacDonald	Old Woman Who Lived in a Vinegar Bottle
Gerald McDermott	Zomo the Rabbit: A Trickster Tale from West Africa
Betty Miles	Hey! I'm Reading!
Brian Pinkney	The Adventures of Sparrowboy
Faith Ringgold	Tar Beach
Cynthia Rylant	High-Rise Private Eyes series Poppleton series
Jon Scieszka	The True Story of the 3 Little Pigs!
Dr. Seuss (Theodore S. Geisel)	Horton Hatches the Egg
Esphyr Slobodkina	Caps for Sale
William Steig	Brave Irene Doctor De Soto Sylvester and the Magic Pebble
John Steptoe	Stevie
Judith Viorst	Alexander and the Terrible, Horrible, No Good, Very Bad Day
Rosemary Wells	Yoko

## KLAS 3 YÈM ANE RIVE NAN KLAS 5 YÈM ANE

Nan klas sa yo, an jeneral li pi fasil pou timoun yo li ak ekri pi vit epi ak plis presizyon. Yo p ap aprann li sèlman—y ap sèvi ak ladrès yo nan lekti pou yo viv nouvo istwa ak aprann nouvo lide. Nouvo kapasite sa a pou yo li poukont yo fè yo kontan anpil. Yo renmen li e istwa e liv ki pi serye. An menm tan, yo toujou renmen tandè granmoun li istwa, eseye nouvo mo nan konvèsasyon yo epi montre pwofesè ak fanmi yo sa yo ekri.

Nan lekòl la, y ap mande timoun yo li ak ekri sou tout kalite sijè. Yo kapab :

- li yon istwa epi ekri yon pyès teyat sou li.
- kreye yon bwochi vwayaj sou yon peyi etranje yo te etidye,
- ekri solisyon pwoblèm matematik ak mo e ak chif, oubyen
- fè yon pwomnad nan lanati epi ekri sa yo obsève sou chanjman ki genyen nan sezon otòn la.

### ÈSKE W KONNEN...?

Pifò liv referans (ansiklopedi, diksyonè) ekri pou moun ki gen nivo lekti apeprè klas 8yèm ane. Genyen twòp enfòmasyon nan ti espas konsa, ki fè se elèv ki pi fò nan klas 4yèm ane rive nan klas 7yèm ane ki kapab konprann yo san èd.

Ant laj setan rive onzan, timoun kòmanse panse ak lojik.

## NAN LEKÒL LA, TIMOUN YO KAPAB:

### PALE AK KOUTE

Prezante lide ba elèv nan klas yo, asire yo lide prensipal yo byen òganize epi yo gen bagay nan reyalitye pou pwouve yo.

Eksprime lide diferan fason (atravè diskisyon, prezantasyon, wòl nan pyès teyat, pwezi).

Tandè sa lòt moun ap di epi konpare diferan pwendvi.

Poze kesyon e di yo dakò oubyen pa dakò ak prèv yo bay la.

## LEKTI

Li pou kò w epi li angwoup.

Li awotvwa avèk ekspresyon.

Pale de pèsonaj yo, anviwònman an, lide prensipal yo ak detay sou liv yo li.

Konprann epi esplike sa yo li yo nan jan pa yo.

Fè relasyon ant diferan liv y ap li yo.

Poze kesyon sou sa yon otè ekri epi eseye reponn yo apati sa yo li.

Fè pwòp entèpretasyon yo sou liv y ap li.

Li pou jwenn enfòmasyon epi chèche enfòmasyon plizyè kote sou yon sijè.

Li poukont yo pandan yon bon tan.

## EKRITI

Ekri pou diferan rezon: rakonte istwa, transmèt enfòmasyon, dekri vi moun, kreye imaj powetik.

Ekri istwa pou pwovoke reyaksyon kay moun k ap li a.

Aprann kòman pou yo ekri nan tout domèn, tankou ekri yon rapò pou yon devwa Syans sosyal epi jwenn twa sous enfòmasyon pou pi piti.

Aprann estrikti fòmèl lang la, tankou rim ak kadans.

Aprann estrikti fòmèl pou ekri tankou fè paragaf.

## KISA W KAPAB FÈ LAKAY OU?

### PALE AK KOUTE

Pale ak pitit ou de lekòl, zanmi ak aktivite.

Ankouraje pitit ou fè w konnen panse l ak santiman l.

Tande sa ki enterese pitit ou, preyokipasyon l, sa li renmen ak sa li pa renmen. Mande pitit ou bay rezon ki fè l gen opinyon sa a.

## LEKTI

Pale sou liv pitit ou renmen li. Kite pitit ou li pou ou.

Mande pitit ou konpare liv l ap li kounye a ak liv li te li anvan.

Kontinye li pou pitit ou. Mande l kijan istwa a fè l santi l oubyen sa pèsonaj yo ka santi. Ankouraje pitit gason w oubyen pitit fi w di w kisa l panse ki pral rive pi devan oubyen poze kesyon "E si?" sou aksyon istwa a.

Fè pitit ou jwenn liv ki koresponn ak enterè l. Mande pitit ou pou l kenbe yon lis otè li pi renmen.

Rezève yon ti kote ki trankil avèk yon lè fiks pou l li ak fè devwa l. Ankouraje pitit ou.

Ankouraje pitit ou pou l pran desizyon ki montre li panse a lòt moun. Pa egzanp nou ta kapab li pwogram televizyon an ansanm pou deside ki pwogram n ap gade.

Ankouraje epi ede pitit ou li omwen 25 liv chak ane.

## EKRI

Bay pitit ou yon kote pou li ekri epi respekte espas sa a.

Ankouraje pitit ou ekri sou diferan fòm (istwa, pwezi) epi pou l fè istwa yo bèl ak desen ak koulè.

Mande pitit ou montre sa li ekri.

Bay pitit ou yon kaye pou li ekri sa k pase l chak jou ak sa l panse. Ou pa fèt pou li kaye sa a.

Ekri yon ti jounal pou fanmi a pou montre zanmi ak fanmi. Mande pitit ou pou l ekri l e fè yon jan pou li fè *interview* ak manm fanmi an.

## LIV KI REKÒMANDE: KLAS 3YÈM ANE RIVE KLAS 5YÈM ANE

Men kèk liv timoun laj sa a renmen. Ou kapab vle li kèk ladan yo pou pitit ou; pitif ou kapab vle li kèk ladan yo pou ou.

Mande bibliyotekè a oubyen pwofesè a pou rekòmande w lòt bon liv.

Kote ou kapab jwenn liv sa yo ak lòt liv?

- Nan bibliyotèk nan lekòl pitif ou.
- Nan bibliyotèk nan klas yo.
- Nan yon branch bibliyotèk piblik nan katye w.

OTÈ	LIV
Alma Flor Ada	My Name is María Isabel
Arnold Adoff	All the Colors of the Race: Poems
Julia Alvarez	How Tia Lola Came to (Visit) Stay
Avi	Poppy
Judy Blume	Double Fudge
Eve Bunting	Nasty Stinky Sneakers
Frances Hodgson Burnett	The Secret Garden
Beverly Cleary	Ramona series
Andrew Clements	Frindle The Janitor's Boy
Roald Dahl	Charlie and the Chocolate Factory The BFG
Pleasant DeSpain	The Emerald Lizard: Fifteen Latin American Tales in English and Spanish
Kate DiCamillo	Because of Winn-Dixie Tiger Rising
Edward Eager	Half Magic
Louise Erdrich	The Birchbark House
Eleanor Estes	The Hundred Dresses
Jack Gantos	Joey Pigza Swallowed the Key
Virginia Hamilton	Zeely
James Howe	Bunnicula
Johanna Hurwitz	Class Clown
Norton Juster	The Phantom Tollbooth
C.S. Lewis	The Chronicles of Narnia
Lois Lowry	Number the Stars
Ken Mochizuki	Baseball Saved Us
Patricia MacLachlan	Journey Baby
Sharon Bell Mathis	Sidewalk Story
Nicholasa Mohr	Felita
F. N. Monjo	The Drinking Gourd: A Story of the Underground Railroad
Lensey Namioka	Yang the Youngest and His Terrible Ear
Barbara Park	Skinnybones

OTÈ	LIV
Katherine Paterson	The Great Gilly Hopkins
Andrea Davis Pinkney	Alvin Ailey
Daniel Pinkwater	The Hoboken Chicken Emergency
Karen E. Quinones Miller	Ida B.
Thomas Rockwell	How to Eat Fried Worms
Cynthia Rylant	Missing May Every Living Thing
Louis Sachar	Sideways Stories from Wayside School
Allan Say	Grandfather's Journey
Jon Scieszka	Time Warp Trio series
Lemony Snicket	A Series of Unfortunate Events series
Gary Soto	Off and Running
Jerry Spinelli	Maniac Magee Crash
Geronimo Stilton	Lost Treasure of the Emerald (The Rodent's Gazette series)
Mildred Taylor	The Well The Gold Cadillac
Wendelin Van Draanen	Sammy Keyes series
Mildred Pitts Walter	Justin and the Best Biscuits in the World
E.B. White	Charlotte's Web
Laura Ingalls Wilder	Little House series
Henry Winkler, Lin Oliver	The Hank Zipzer series
Richard and Judy Dockrey Young	African-American Folktales for Young Readers
Kazumi Yumoto	The Friends

## KLAS 6YÈM ANE RIVE NAN KLAS 8YÈM ANE

Jèn adolesan ap eseye dekouvri kimoun yo ye epi kimoun yo ye pa rapò ak lòt moun. Yo chanje atitud tanzantan—pafwa yon minit a yon lòt—yon lè yo parèt fò ak youn lòt lè yo pa fin kwè sa yo panse yo se sa, yon lè yo si de tèt yo yon lòt lè yo gen dout, yon lè yo ka timid yon lòt lè yo angran. Fanmi ak lekòl yo kapab ede jèn moun yo eseye diferan pèsonalite nan anviwònman sennesòf, ankourajan e favorab pou fòme yo.

Jèn adolesan vle pou yo gen nouvo lide. Yo aprann lè yo fè rapò ant nouvo lide ak yo menm : “Kisa sa vle di pou mwen?” e “Poukisa sa a enpòtan pou mwen?” Pifò jèn moun nan laj sa a kòmanse reflechi sou konsèp tankou ijstis ak endepandans. Yo kòmanse fè konklizyon ak prediksyon ki baze sou enfòmasyon yo jwenn. Li pa fèt san difikilte: yon jou yo kapab fè kanpay pou sove anviwònman an epi nan demen yo refize fè resiklaj.

Ane sa yo trè enpòtan pou devlope kapasite yo pou li, ekri, pale ak koute. Nan estad sa a, jèn moun yo bezwen dekouvri potansyèl pa yo, eksprime yo plizyè jan, fè koneksyon ant sa yo li ak ekri avèk pwòp vi yo epi sèvi ak lang pou yo konprann monn pa yo.

### ÈSKE W KONNEN...?

Gen anpil bon revni pou timoun ak jèn moun ou kapab kòmande pou pitit ou. Yo renmen resewva bagay ki vin pa lapòs epi gen bagay espesyal pou yo li. Ou ka jwenn anpil ladan yo tou nan lekòl la oubyen nan bibliyotèk piblik.

Timoun ak jèn moun ki li 5 oubyen 6 liv pandan ete a jwenn menm avantaj ak sa yo ta jwenn si yo te pran yon kou pandan ete yo.

Lè w li pou plezi w ou konprann pi byen sa w li.

Plis ou li plis ou amelyore òtograf ou.

## NAN LEKÒL LA, JÈN YO KAPAB:

### PALE AK KOUTE

Aprann koute ak atansyon epi reponn lòt moun ak respè.

Fè konvèsasyon ak elèv parèy yo ak pwofesè yo pandan jounen lekòl la.

Rasanble enfòmasyon ak plizyè lide ki soti nan plizyè sous moun jwenn nan plizyè dokiman. Sèvi ak lide sa yo pou yo konvenk yon moun k ap koute yo diskite osijè yon kesyon ki chita sou bon jan prèv.

### LEKTI

Li diferan kalite materyèl nan chak klas, tankou literati, liv ki bay enfòmasyon, biyografi oubyen atik nan rev.

Sèvi ak estrateji pou konprann sa y ap li (tankou konpare nouvo lide ak sa yo konnen deja, fè rezime yon lide oubyen eseye konprann pwendvi otè a).

Li pou plezi yo.

Evalye sa yo li. (Èske li byen ekri? Èske enfòmasyon ladan l yo vre? Èske otè a bay ase prèv pou apiye lide prensipal yo?)

Fè rapò ant sa yo li ak sa yo konnen deja epi ak eksperyans pa yo.

Patisipe nan sèk lekti epi bay yo lòt opòtinitè pou fè lòt moun konnen sa yo panse sou liv yo ak lòt elèv.

### EKRITI

Ekritman nan chak klas.

Pran nòt sou liv epi sou sa pwofesè a di.

Rasanble lide, enfòmasyon ak opinyon moun jwenn nan plizyè dokiman.

Ekri pou diferan rezon ak diferan piblik pou bay opinyon sou sa yo li, fè lòt moun konnen enfòmasyon, rakonte yon istwa oswa konvenk yon moun.

Revize sa yo ekri pou yo bay yon travay san fot.

Pibliye oubyen montre sa yo ekri nan jounal lekòl, nan konkou literè, fè pyès teyat oubyen rapò oral.

## KISA W KAPAB FÈ LAKAY OU?

### PALE AK KOUTE

Pale avèk jèn adolesan ou a de bagay ki enterese l, mizik ak jwèt *video* ak rad. Pa meprize l ni pa eseye bay enpresyon ou twò *cool*—pale senpman.

Mande jèn adolesan w lan sa li panse sou yon kesyon epi tandè sa l ap reponn ou. Respekte sa l di a men mande l eksplike w rezon ki fè li gen opinyon sa a.

### LEKTI

Ankouraje jèn adolesan w lan pou l li oubyen pou l rakonte ti frè oswa ti sè l oubyen granparan l istwa.

Ankouraje jèn adolesan li pou tout kalite rezon (tankou dekouvri bagay sou yon vedèt mizik tout moun konnen oubyen yon evenman espòtif).

Ankouraje jèn adolesan pou l reflechi sou siyifikasyon sa l li ak sa l ekri.

Pale ak pitit ou sou sa l ap li. Poze kesyon epi fè relasyon ant eksperyans pa w ki gen rapò ak sa l ap li a.

Ale nan bibliyotèk souvan ak adolesan w lan. Ede l chwazi materyèl li ka li poukont li.

Ankouraje epi ede jèn adolesan ou a li omwen 25 diferan kalite liv chak ane (liv ki gen istwa imajinè ak istwa vre).

Sere liv pou timoun yo pi renmen yo, pa sezi wè elèv ki nan klas entèmedyè yo pran plezi reli yo.

Kreye yon espas pou lekti nan kay la kote gen chèz konfòtab ak materyèl enteresan pou li tankou woman, liv ki bay enfòmasyon, liv komik, revyi ak jounal.

### EKRITI

Ankouraje adolesan w ekspriye panse pa l ak santiman l nan yon jounal epi ou pa dwe li jounal sa a.

Fè pitit ou jwenn tout sa ki kapab ankouraje l ekri—yon kote frankil, yon nouvo lo papye koulè, lank koulè, zouti pou l ekri (òdinatè, diksyonè, liv kote pou l jwenn sitasyon) oubyen yon mizik ki ap jwe byen ba.

Ankouraje adolesan w fè lòt moun li sa li ekri. Afiche yo sou frijidè, voye kopi ba fanmi oubyen zanmi, li yo oubyen itilize yo pou fè pyès teyat nan gwoup jèn oswa nan reyinyon fanmi.

## LIV KI REKÒMANDE: KLAS 6YÈM RIVE 8YÈM ANE

Men kèk liv jèn moun nan laj sa a renmen. Elèv klas 6yèm ane, klas 7yèm ane ak klas 8yèm ane toujou kontinye pran plezi koute yo li pou yo awotwva bon liv. Yo renmen li liv poukont yo tou.

Mande bibliyotèkè a oubyen pwofesè a pou rekòmande w lòt bon liv.

Kote ou kapab jwenn liv sa yo ak lòt liv?

- Nan bibliyotèk nan lekòl pitit ou.
- Nan bibliyotèk nan klas yo.
- Nan yon branch bibliyotèk piblik nan katye w.

OTÈ	LIV
Lloyd Alexander	The Book of Three
Avi	Nothing But the Truth: A Documentary Novel
Joan Bauer	Squashed
Ann Cameron	Coli'bri
Lori M. Carlson, editor	Cool Salsa: Bilingual Poems on Growing Up Latino in the United States
Alice Childress	A Hero Ain't Nothin' But a Sandwich
Sook Nyul Choi	Year of Impossible Goodbyes
Susan Cooper	The Dark Is Rising series
Bruce Coville	Jeremy Thatcher, Dragon Hatcher
Chris Crutcher	Ironman
Christopher Paul Curtis	The Watsons Go to Birmingham, 1963
Nancy Farmer	The House of the Scorpion
Anne Frank	The Diary of a Young Girl
Jean Craighead George	Julie of the Wolves
Virginia Hamilton	The House of Dies Drear
S. E. Hinton	The Outsiders
Madeleine L'Engle	A Wrinkle in Time
Lois Lowry	The Giver
Robin McKinley	The Hero and the Crown
Nicholasa Mohr	El Bronx Remembered
Lillian Morrison	It Rained All Day That Night
Walter Dean Myers	145th Street: Short Stories Scorpions
Beverley Naidoo	The Other Side of Truth
Linda Sue Park	When My Name Was Keoko
Katherine Paterson	Bridge to Terabithia
Gary Paulsen	Brian's Hunt
Richard Peck	A Long Way from Chicago
W. Rodman Philbrick	Freak The Mighty
Philip Pullman	The Golden Compass
Johanna Reiss	The Upstairs Room

OTÈ	LIV
Pam Munoz Ryan	Esperanza Rising
Louis Sachar	Holes
Graham Salisbury	Lord of the Deep
Steve Sanfield	The Adventures of High John the Conqueror
William Sleator	Oddballs: Stories
Gary Soto	Baseball in April and Other Stories
Suzanne Fisher Staples	Shabanu: Daughter of the Wind
Mildred D. Taylor	Roll of Thunder, Hear My Cry
Yoshiko Uchida	Journey Home
Cynthia Voigt	Homecoming
T. H. White	The Sword in the Stone
Jacqueline Woodson	Miracle's Boys
Laurence Yep	The Lost Garden

## KLAS 9YÈM ANE RIVE NAN KLAS 12YÈM ANE

---

Pou pifò moun, lekòl segondè se yon peryòd tranzisyon—depi moun lan dekouvri nan ki pwèn li antann li ak zanmi jiskaske li jwenn kote plas li ye nan lemond. Elèv nan lekòl segondè fèt pou kapab li, ekri, pale ak koute pi byen pou yo kapab fè fasa difikilte yo pral rankontre kòm manm yon fanmi, kòm anplwaye ak kòm sitwayen.

Nan faz sa a, jèn moun yo fè bon jan konparezon ant sa y ap li ak pwòp vi pa yo. Yo konprann pou kisa pou yo ekri andeyò lekòl la : fòk yo fè *curriculum vitae*, ranpli aplikasyon pou inivèsite epi ekri jounal pèsonèl.

### FANMI AK LEKÒL KAPAB EDE JÈN MOUN YO AMELYORE KONESANS SA YO SI YO BAY YO POSIBLITE POU :

---

#### FÈ CHWA :

Jèn moun pi motive pou yo li ak ekri lè yo gen posiblite pou yo fè chwa. Yo renmen chwazi pwòp liv yo pou yo li poukont yo, seleksyone pwòp sijè yo pou yo fè rechèch epi chwazi kòman e kibò pou yo fè konnen” lide yo alekri. Anpil elèv nan lekòl segondè kòmanse li epi pran plezi li liv granmoun li.

#### PALE :

Adolesan ki pi gran ekspriye yo piblikman e yo atann yo aske yo tandè sa yo di epi yo respekte yo. Yo ekspriye yo diferan fason tankou lè y ap pale oswa lè y ap pibliye bagay sa yo ekri.

#### GEN RELASYON SOSYAL :

Pi bonjan eksperyans aprantisaj pou gran adolesan yo se rankontre souvan lòt jèn moun parèy yo, tandè opinyon ki pa menm ak pa yo epi echanje lide ak respè.

#### GEN KONFYANS NAN TÈT YO :

Adolesan santi yo gen valè ak konfyans nan tèt yo lè yo devlope ladrès pou li, ekri, pale ak koute ki nesèsè pou yo prezante yo devan lasosyete tankou yon moun kapab.

## NAN LEKÒL LA, TIMOUN YO KAPAB :

### PALE AK KOUTE

Poze kesyon, repete sa yo tande epi bay yon lòt opinyon.

Prezante rapò oral e bay opinyon pa yo sou tout kalite sijè, kore ak egzanp ak bagay ki rive nan reyalite.

Tande lòt ak respè.

Pale de entansyon yo ak parèy yo.

Fè diferan kalite eksperyans konvèsasyon tankou diskisyon enfòmèl ak fè diskou.

### LEKTI

Li pwezi, liv serye ak istwa nan diferan domèn.

Li pou dekouvri nouvo lide ak fason moun panse.

Fè rechèch sou kesyon ki gen rapò ak vi pa yo, pasyon yo ak enterè akademik yo.

Patisipe nan klib lekti, sèk literè ak lòt opòtinite pou yo diskite sou liv.

Li pou aprann lide prensipal pou tout matyè yo.

Evalye sa yo li pou yo wè si pa gen patipri, si li kòrek epi konplè.

Sèvi ak figi, dyagram, tablo ak grafik pou yo jwenn enfòmasyon.

Devine siyifikasyon bagay ki pa dirèkteman ekri nan yon tèks.

### EKRITI

Ekritman nan chak klas.

Travay ansanm pou revize epi korije sa w ekri.

Eseye ekri sou divès fòm tankou pwezi, istwa, disètasyon, lèt, jounal pèsònèl, pyès teyat ak travay rechèch.

Pwodui tèks ki pa gen fot, ekri obouyon anvan epi apre korije pou amelyore jan w eksprime lide yo ak jan w anplwaye lang lan.

Pibliye oswa itilize sa yo ekri pou fè pyès teyat.

Fè divès piblik konnen sa yo panse osijè kesyon enpòtan (pa egzanp rakonte istwa pa yo, ekri editè jounal).

## KISA W KAPAB FÈ LAKAY OU?

### PALE AK KOUTE

Poze kesyon sou sa adolesan w lan ap li, sa l ap tande ak sa l ap etidye. Tande repons yo byen. Diskite devwa demezon yo.

Rakonte istwa fanmi an.

Endike atik jounal enteresan epi pale de yo ansanm.

Gade pwogram televizyon ansanm epi diskite de reyaksyon nou.

### LEKTI

Ankouraje jèn moun ou an li istwa pou ti frè l ak ti sè l epi ede yo sèvi ak Entènèt pou yo sanble enfòmasyon.

Ankouraje jèn moun ou an pou l li 25 liv chak ane.

Ede jèn moun ou an jwenn repons sou kesyon l yo, ni sa ki pèsònèl ni sa ki gen pou wè ak lekòl.

Bay li tan ak espas pou l fè devwa demezon, pou l li epi pou l ekri.

Asire w tout moun nan fanmi an gen kat bibliyotèk yo epi w ale nan bibliyotèk toutan ak fanmi w.

Enfòme w sou lekòl adolesan w atravè devwa l, jounal lekòl la, reyinyon diswa pou paran, reyinyon ak pwofesè yo epi pale ak pitit ou.

Li sa adolesan w lan ap li epi diskite l avè l san ou pa pote jijman ni ou pa meprize l.

### EKRITI

Ankouraje jèn moun ou an ekri panse l, santiman l ak eksperyans li nan yon jounal pèsònèl. Ou pa dwe li jounal sa a.

Ekri jèn pitit ou a epi fè l ekri w tou pou nou pataje sa n panse, sa ki twouble n ak sa nou santi.

Ba l materyèl pou ede l ekri (òdinatè, papye, plim ak liv referans tankou diksyonè, diksyonè sinonim ak liv sitasyon).

Ankouraje l fè divès piblik konnen sa l ekri, tankou patisipe nan konkou disètasyon kominote a òganize, ekri nan jounal ki pibliye nan kominote a epi ekri lèt ba editè jounal.

## LIV KI REKÒMANDE: KLAS 9YÈM ANE RIVE KLAS 12YÈM ANE

Men kèk liv adolesan nan laj sa a renmen. Mande bibliyotekè w oubyen pwofesè a pou rekòmande lòt bon liv.

Kote ou kapab jwenn liv sa yo ak lòt liv?

- Nan bibliyotèk lekòl pitit ou a.
- Nan bibliyotèk nan klas yo.
- Nan yon branch bibliyotèk piblik nan katye w.

OTÈ	LIV
Douglas Adams	The Hitchhiker's Guide to the Galaxy
Isabel Allende	The House of the Spirits
Maya Angelou	I Know Why the Caged Bird Sings
James Baldwin	If Beale Street Could Talk
Octavia Butler	Kindred
Orson Scott Card	Ender's Game
Sandra Cisneros	The House on Mango Street
Robert Cormier	The Chocolate War
Chris Crutcher	Whale Talk
Donald Davis	Listening for the Crack of Dawn
Buchi Emecheta	The Bride Price
Paul Fleischman	Whirligig
Ernest J. Gaines	A Lesson Before Dying
Donald R. Gallo, editor	Ultimate Sports: Short Stories by Outstanding Writers for Young Adults
Mark Haddon	The Curious Incident of the Dog in the Night-Time
Lorraine Hansberry	A Raisin in the Sun
Terry Spencer Hesser	Kissing Doorknobs
Will Hobbs	Far North
Khaled Hosseini	The Kite Runner
Langston Hughes	The Collected Poems of Langston Hughes
Angela Johnson	The First Part Last
John Krakauer	Into Thin Air
Harper Lee	To Kill a Mockingbird
Ursula Le Guin	The Left Hand of Darkness
Anne McCaffrey	Dragonsong
Frank McCourt	Angela's Ashes: A Memoir
Toni Morrison	The Bluest Eye
Walter Dean Myers	Bad Boy: A Memoir The Beast
An Na	A Step from Heaven
Gary Paulsen	The Beet Fields
Ernesto Quinonez	Bodega Dreams
Robert Alden Rubin	Poetry Out Loud

OTÈ	LIV
Marjane Satrapi	Persepolis
Elizabeth Schmidt, editor	Poems of New York
Dai Sijie	Balzac and the Little Chinese Seamstress: A Novel
Art Spiegelman	Maus: A Survivor's Tale
John Steinbeck	Of Mice and Men
J. R. R. Tolkien	Lord of the Rings
Richard Wright	Black Boy

## ÈSKE W KONNEN...?

Menm adolesan ki di yo renmen li, souvan yo tèlman okipe nan espò, nan klìb, nan travay ak fè devwa yo sispann li liv pou plezi yo. Anpil ladan yo li atik ki nan revwi ki enterese yo pou konble vid sa a.

Apa peryòd anfans, pi gwo kwasans ak devlopman sèvo fèt pandan peryòd adolesans.

Moun ki li anpil ekri pi byen.

## KI KONSÈY ESPESYAL KI KA EDE M AMELYORE KAPASITE PITIT MWEN AN POU LI, EKRI, PALE AK KOUTE?

### CHWAZI LIV KI JIS KONVYAB

---

#### KONSEYE PITIT OU POU L :

Li fit la.

Li deskripsyon ki sou kouvèti liv la.

Gade tabmatyè ki nan liv la.

Li kèk paj.

#### MANDE PITIT OU :

Ki sa w panse ki nan liv sa a?

Èske w panse l enteresan?

#### YON LIV JIS KONVYAB SI . . .

Sijè a enterese timoun lan.

Timoun lan kapab li omwen 95% mo ki gen nan yon paj (sòf si yon lòt moun pral li l pou li).

#### YON LIV TWÒ DIFISIL SI . . .

Timoun lan jwenn senk mo oubyen plis nan yon paj li pa kapab li (sòf si yon lòt moun pral li l pou li).

Timoun lan pa konprann sa l ap li.

### KONSÈY SOU LEKTI POU PARAN

---

National Education Association

[www.nea.org/readacross/parents.html](http://www.nea.org/readacross/parents.html)

Reading is Fundamental

[www.rif.org/parents/](http://www.rif.org/parents/)

## KISA POU OU FÈ SI PITIT OU A GEN DIFIKILTE POU L LI?

### PA PANIKE!

Gen timoun ki pa aprann li fasil, pitit ou kapab gen difikilte pou l aprann li. Men kèk bagay ou kapab fè pou ede pitit ou.

- Kontinye li pou jèn pitit ou a. Fè lekti vin yon aktivite pou fanmi an ki fèt regilyèman epi ki amizan. Epi tou bay egzanp w ap li. Fè pitit ou wè ou menm ak lòt granmoun li konsidere ap li liv, revyi, ak jounal regilyèman.
- Ankouraje pitit ou a li lakay ou. Mete materyèl enteresan a dispozisyon li, epi bay pitit ou tan ak espas pou l li lakay ou. Piplis jèn yo li, se plis yo kapab li byen.
- Ede jèn ou a seleksyone tout kalite materyèl nan bibliyotèk lekòl la oubyen nan bibliyotèk piblik. Li kapab chwazi liv sou kasèt, woman, liv ki rakonte sa ki pase tout bon, revyi, bann desine, oubyen liv pou timoun.
- Pale avèk pwofesè pitit ou yo pou ou kapab konnen kisa yo atann pou pitit ou a fè nan lekòl la.
- Chache ransèyman sou moun ki bay leson patikilye apre lekòl oubyen lòt èd espesyal ki kapab disponib pou pitit ou (mande pwofesè a, direktè lekòl la, oubyen koòdonatè paran).
- Pran avantaj aktivite apre lekòl yo oubyen aktivite vakans lete òganizasyon kominotè yo ofri (gade nan seksyon “Ed kominotè pou alfabetizasyon pou fanmi”, nan fen ti liv sa a). Anpil nan pwogram sa yo gratis, tankou Klib lekti pou vakans pandan lete nan bibliyotèk piblik la.

### ÈSKE W KONNEN...?

Timoun ki pa li ditou pandan vakans ete a kapab pèdi jiska 24% kapasite pou yo li paske yo manke fè pratik.

## MOTIVE JÈN MOUN NOU AN POU L LI

### KISA PARAN KAPAB FÈ POU ANKOURAJE JÈN MOUN YO LI POUKONT YO?

- Kite yo chwazi sa pou yo li. Adolesan kapab prefere liv ki bay enfòmasyon, revni, jounal, liv komik, bann desine ak woman ilistre pase liv istwa.
- Rekonèt gen plizyè jan moun kapab li. Adolesan ki okipe anpil kapab li yon revni byen vit, y ap kanpe pou li nòt anba foto, y ap gade foto yo epi yon lè konsa y ap li tout yon atik. Mòd lekti sa a trè agreyab e souvan li vin fè yo enterese li piplis.
- Pale avè yo sou sa y ap li. Kite yo fè lòt moun konnen lide yo fèk aprann yo.
- Li pou yo chak jou. Kite yo wè kote oumenm ak lòt granmoun ap li pou plezi nou.
- Ankouraje adolesan nou yo li liv ki sèvi pou fè film oubyen pwogram televizyon. Mande ki diferans yo wè ant liv la ak film lan.
- Mande yon bibliyotèkè ede yo chwazi liv “yo pi renmen” yo kapab prete. Jèn moun yo souvan pito li liv zanmi yo rekòmande yo.
- Ankouraje yo li liv sou sijè ki enterese yo. Anpil jèn moun prefere liv ki gen relasyon ak vi pa yo. Yo renmen li pou atenn yon objektif olye li pou senp plezi.
- Ede pitit ou yo tabli objektif lekti epi ba tèt yo defi pou yo atenn yo. Jèn moun yo renmen lè yo rive atenn objektif yo te fikse pou yon bout tan.
- Bay jèn moun lan opòtinite li liv ak anpil foto. Anpil bibliyotèk ofri yon gwo chwa enteresan woman ilistre, liv ki bay enfòmasyon ak foto ak liv ki gen foto pou enterese jèn moun li.
- Ankouraje adolesan w lan li diferan estil literè tankou pwezi, nouvèl, otobiyografi, memwa, esè ak fiksyon istorik ak woman tou.

## KAPASITE POU LI, EKRI, PALE, KOUTE AK TEKNOLOJI

Teknoloji ofri nouvo opòtinite pou fanmi yo aprann epi jwe ansanm pandan y ap devlope ladrès yo pou li, ekri, pale ak koute.

### TELEVIZYON / VIDEO / FILM

Lè w ap gade televizyon oswa film, ou kapab devlope ladrès ou pou li, ekri, pale ak koute lè w ap :

- Gade televizyon ak pitit ou e w ap poze kesyon pou wè si yo konprann.
- Ankouraje timoun poze pwòp kesyon yo.
- Pale de lide nan pwogram yo.
- Analize sa w wè tankou yon kritik sinema, konpare l ak lòt film epi lè w ap bay opinyon sou kalite film lan oswa videyo a.
- Konpare pwogram lan ak eksperyans timoun yo te fè nan vi yo.

### ÈSKE W KONNEN...?

*The American Academy of Pediatrics* di yo pa fèt pou kite timoun prematènèl gade plis pase inèdtan televizyon ak sipèvizyon pa jou.

Lè timoun gen apeprè laj senk lane, li pi enpòtan pou li jwe ak jwèt tradisyonèl pase pou li aprann sèvi ak jwèt sou òdinatè.

### LIV ANREJISTRE

Liv ki sou *tape* oubyen *CD* disponib nan bibliyotèk yo oubyen nan librerì yo. Yo pèmèt ou tande liv yo lè w nan machin, nan tren oubyen nenpòt ki kote ou kapab itilize yon aparèy.

Yon gran kantite liv disponib pa vwa elektwonik atravè bibliyotèk piblik yo (liv elektwonik). Ou kapab jwenn yo e prete yo atravè òdinatè lakay ou.

Andrew Heiskell Braille and Talking Book Library jere yon sistèm liv pa lapòs ki delivre milye liv anrejistre ak tit an Braille san ou pa gen pou peye lapòs. Moun tout laj ki abite nan vil Nouyòk ak *Long Island* ki gen difikilte pou yo li materyèl enprime òdinè paske yo avèg, yo pa wè byen, yo gen yon andikap fizik ki limite kapasite yo pou yo kenbe yon liv e vire paj yo oubyen ki gen yon andikap pou li (tankou disleksyè) ki gen pou wè avèg yon pwoblèm òganik, moun sa yo elijib pou sèvis sa yo. Pou plis enfòmasyon, gade seksyon "Èd kominotè pou alfabetizasyon pou Fanmi" nan Gid sa a pou w kapab jwenn enfòmasyon pou kontakte Bibliyotèk Andrew Heiskell Braille and Talking Book oubyen kontakte bibliyotèk piblik ou konn ale a oswa bibliyotèk lekòl la.

## POU JWENN ENFÒMASYON SOU ENTÈNÈT

Anpil enfòmasyon disponib sou Entènèt men se pa tout ki kòrek e se pa tout ou ka fè konfyans.

Ou kapab ede pitit ou jwenn bon enfòmasyon sou Entènèt :

- Sèvi ak kat bibliyotèk ou pou w jwenn resous nan Entènèt (tankou atik revi ak ansiklopedi).
- Ede pitit ou jwenn pi bon mo li ka itilize pou l chache enfòmasyon sou yon sijè.
- Ankouraje jèn ou an chache pwendvi ki diferan ak plizyè sous enfòmasyon.
- Ede pitit ou evalye e poze kesyon sou enfòmasyon li jwenn lan :
  - Kiyès ki ekri li e poukisa?
  - Èske se yon bagay ki fèt tout bon oubyen èske se yon opinyon?
  - Èske otè a di w kòman li aprann fè sa yo?
  - Èske enfòmasyon sa a koresponn ak lòt enfòmasyon ou jwenn sou sijè a?
- Veye sa pitit ou yo ap gade sou òdinatè a. Si w pa fin maton nan òdinatè, mande pitit ou montre w sa yo aprann.
- Sèvi ak sit ki fèt pou ede timoun fè rechèch sou Entènèt :
  - Ask Jeeves for Kids [www.ask.com](http://www.ask.com)
  - Kids Click! [www.kidsclick.com](http://www.kidsclick.com)
  - Kids.Net.Au [www.kids.net.au](http://www.kids.net.au)
  - Yahooligans Kids.[yahoo.com](http://yahoo.com)
- Sèvi ak sit ki rekòmande lòt sit ki sennesòf e ki apwopriye pou timoun.
  - Awesome Library [www.awesomelibrary.org](http://www.awesomelibrary.org)
  - Berit's Best Sites for Children [www.beritsbest.com](http://www.beritsbest.com)
  - Great Web Sites for Kids [www.ala.org/greatsites](http://www.ala.org/greatsites)
  - Kids Konnect [www.kidskonnect.com/](http://www.kidskonnect.com/)

## KOMINIKASYON ATRAVÈ ENTÈNÈT

Entènèt bay anpil opòtinite pou moun kominike ak lòt moun. Jèn moun yo tout tan ap voye *e-mail* epi yo *chat online* ak zanmi yo apre lekòl. Li enpòtan pou w asire w pitit ou ap sèvi ak Entènèt yon fason sennesòf ak apwopriye. Règ sa yo enpòtan tou pou jèn moun ki sèvi ak telefòn selilè.

- Fòk ou konnen ak ki moun pitit ou ap pale *online*.
- Asire w li pa bay enfòmasyon pèsonèl.
- Asire w pitit ou sèvi sèlman ak *chat sites* ki apwopriye.

### ÈSKE W KONNEN...?

Adrès Entènèt yo ba w anpil enfòmasyon anvan menm ou gade sit la. Twa dènye lèt yo endike anpremye kalite sit w ap vizite a : **.com** vle di “komèsyal”, **.gov** vle di sit la se pwopriete yon ajans gouvènman, **.edu** vle di “edikasyon” epi an jeneral se sit lekòl oubyen inivèsite, e **.org** vle di yon sit pou òganizasyon ki pa komèsyal tankou yon bibliyotèk, yon enstitisyon zèv charite oubyen yon lòt òganizasyon.

## KI KOTE MWEN KA JWENN RESSOUS POU EDE M?

### ÈD KOMINOTÈ POU ALFABETIZAYON POU FANMI

Ou pa poukont ou. W ap jwenn anpil resous nan kominote a—tankou bibliyotèk, mize, Biwo leta pou lwazi, pak, pwogram atistik, pwogram pou jèn moun ak òganizasyon kominotè—ki ofri pwogram pou ede devlopman ak aprantisaj jèn moun.

Aktivite pandan lete yo enpòtan anpil paske yo ede elèv yo retri sa yo te aprann pandan ane eskolè a. Bibliyotèk piblik yo òganize pwogram lekti pandan lete a avèk lis liv yo rekòmande, aktivite ak pwogram lyezon tankou bibliyotèk mobil. Pou plis enfòmasyon sou pwogram lete bibliyotèk piblik yo ak konsèy pou paran kapab ankouraje pitit yo li, kontakte bibliyotèk piblik yo (gade lis anba a).

### ANPIL AJANS AK ÒGANIZASYON KAPAB EDE W JWENN KOTE KI GEN AKTIVITE POU DEVLOPE KAPASITE FANMI W POU LI AK EKRI.

BIWO	SÈVIS YO BAY
<p><b>Andrew Heiskell Braille and Talking Book Library</b>            40 West 20th Street            New York, NY 10011            212-206-5400            TDD 212-206-5458            Gen yon reponnè 24 è sou 24 nan 212-206-5425</p> <p>Imel : <a href="mailto:ahlbph@nypl.org">ahlbph@nypl.org</a> oubyen <a href="http://talkingbooks.nypl.org">talkingbooks.nypl.org</a></p>	<p>Yon bibliyotèk ak sèvis konplè pou moun tout laj ki pa wè byen ak moun ki gen difikilte pou aprann nan senk <i>boroughs</i> yo.</p>
<p><b>Brooklyn Public Library</b> (60 sikisal nan <i>Brooklyn</i>)            718-230-2100</p> <p><a href="http://brooklynpubliclibrary.org">brooklynpubliclibrary.org</a>  <a href="http://www.brooklynpubliclibrary.org/kids">www.brooklynpubliclibrary.org/kids</a>  <a href="http://www.brooklynpubliclibrary.org/teens">www.brooklynpubliclibrary.org/teens</a></p>	<p>Sèvis bibliyotèk konplè.            Pwogram lekti pandan lete.            Lis liv.            Angle kòm Dezyèm Lang <i>English as a Second Language</i> (ESL) pou granmoun.            Pwogram Alfabetizasyon pou granmoun.</p>

BIWO	SÈVIS YO BAY
<p><b>Pwogram DYCD Alfabetizasyon pou fanmi</b></p> <p><a href="http://www.nyc.gov/html/dycd/html/services-literacy-programs.html">www.nyc.gov/html/dycd/html/services-literacy-programs.html</a></p>	<p>Pwogram nan vil Nouyòk ki sèvi bezwen alfabetizasyon pou paran ak pitit yo.</p>
<p><b>Learning Leaders</b> 212-213-3370</p> <p><a href="http://www.learningleaders.org/resource/links.php">www.learningleaders.org/resource/links.php</a></p>	<p>Enfòmasyon pou paran ak elèv sou pwogram alfabetizasyon ak resous.</p>
<p><b>The Literacy Assistance Center</b> 212-803-3300</p> <p><a href="http://www.lacnyc.org">www.lacnyc.org</a></p> <p>RESOUS ALFABETIZASYON POU FANMI</p> <p><a href="http://www.lacnyc.org/resources/familylit/familylit.htm#directory">www.lacnyc.org/resources/familylit/familylit.htm#directory</a></p>	<p>Sèvis ak piblikasyon pou alfabetizasyon pou granmoun ak fanmi.</p> <p>Èd pou jwenn pwogram alfabetizasyon gratis pou timoun ak fanmi.</p>
<p><b>Literacy Hotline</b> 212-803-3333 (nimewo ou ka rele san w pa peye) e ki disponib 24 sou 24</p>	<p>Pou w jwenn referans pou kou gratis pou granmoun ak jèn ki pa lekòl :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>– GED.</li> <li>– edikasyon debaz.</li> <li>– kou fòmasyon pwofesyonèl.</li> <li>– sesyon fòmasyon pou travay.</li> <li>– Angle kòm Dezyèm Lang <i>English as a Second Language (ESL)</i>.</li> </ul>
<p><b>Depatman Edikasyon vil Nouyòk</b> Biwo sèvis bibliyotèk : 212-374-0781 Biwo pou angajman paran : 212-374-2323</p> <p><a href="http://www.schools.nyc.gov/parents/">www.schools.nyc.gov/parents/</a></p>	<p>Enfòmasyon pou paran sou lekòl nan vil Nouyòk.</p>

BIWO	SÈVIS YO BAY
<p><b>Depatman pou jèn ak sèvis kominotè vil Nouyòk</b> (Sèvis DYCD) 212-442-6006</p> <p><a href="http://www.nyc.gov/html/dycd/home.html">www.nyc.gov/html/dycd/home.html</a></p>	<p>Pwogram pou jèn moun. Lòt sèvis leta nan vil la.</p>
<p><b>Bibliyotèk piblik vil Nouyòk</b> (85 branch nan katye yo ak 4 bibliyotèk pou rechèch nan <i>Manhattan, Bronx, ak Staten Island</i>) 212-340-0906</p> <p><a href="http://www.nypl.org">www.nypl.org</a> <a href="http://kids.nypl.org">kids.nypl.org</a> <a href="http://teenlink.nypl.org">teenlink.nypl.org</a></p>	<p>Sèvis bibliyotèk konplè. Pwogram lekti pandan lete. Lis liv. Angle kòm Dezyèm Lang pou granmoun <i>English as a Second Language</i> (ESL). Pwogram alfabetizasyon pou granmoun.</p>
<p><b>Partnership for After School Education (PASE)</b> 212-571-2664</p> <p><a href="http://www.pasesetter.com">www.pasesetter.com</a> <a href="http://www.cmap.info/netmaps/pase/paseMap.asp">www.cmap.info/netmaps/pase/paseMap.asp</a></p>	<p>Plis pase 1200 pwogram apre lekòl pou jèn tout laj.</p> <p>Kat ki montre kote pwogram apre lekòl yo fèt.</p>
<p><b>Bibliyotèk piblik Queens</b> (63 sikisal nan Queens) 718-990-0700</p> <p><a href="http://www.queenslibrary.org">www.queenslibrary.org</a> <a href="http://www.kidslinq.org">www.kidslinq.org</a> <a href="http://www.teenlinq.org">www.teenlinq.org</a></p>	<p>Sèvis bibliyotèk konplè. Pwogram lekti pandan lete. Lis liv. Angle kòm Dezyèm Lang pou granmoun. Pwogram Alfabetizasyon pou granmoun.</p>
<p><b>UFT Dial-A-Teacher</b> 212-777-3380 apati 4è00 pm rive 7è00 pm, de lendi a jedi</p>	<p>Pou ede elèv ak paran fè devwa yo.</p>

## KÈK ÒGANIZASYON NASYONAL OFRI ENFÒMASYON KI ITIL ANPIL NAN SIT WÈB YO :

### LIS LIV

#### **American Library Association**

Lis liv pou timoun

[www.ala.org/ala/alsc/alscresources/booklists/booklists.htm](http://www.ala.org/ala/alsc/alscresources/booklists/booklists.htm)

Lis liv pou adolesan

[www.ala.org/yalsa/booklists](http://www.ala.org/yalsa/booklists)

### PIBLIKASYON POU PARAN

#### **Family Information Center of the Clearinghouse on Reading, English & Communication**

[reading.indiana.edu/www/indexfr.html](http://reading.indiana.edu/www/indexfr.html)

#### **International Reading Association**

Resous pou paran sou sit wèb la ann angle ak panyòl

[www.reading.org/resources/tools/parent.html](http://www.reading.org/resources/tools/parent.html)

#### **Reading is Fundamental**

Resous pou paran ede pitit yo renmen lekti

[www.rif.org/parents/](http://www.rif.org/parents/)

#### **Depatman Edikasyon Lèzetazini U. S. Department of Education**

Espesyalman pou Paran

[www.ed.gov/parents/landing.jhtml](http://www.ed.gov/parents/landing.jhtml)

Zouti pou elèv gen siksè

[www.ed.gov/parents/academic/help/tools-for-success/index.html](http://www.ed.gov/parents/academic/help/tools-for-success/index.html)

Pa kite okenn timoun ret dèyè: Yon gid pou paran

[www.ed.gov/parents/academic/involve/nclbguide/parentsguide.html](http://www.ed.gov/parents/academic/involve/nclbguide/parentsguide.html)

## **RESOUS POU MOUN K AP APRANN LANG ANGLE ENGLISH LANGUAGE LEARNERS (ELL)**

### **Asosyasyon nasyonal pou Edikasyon bileng**

#### ***National Association for Bilingual Education***

[www.nabe.org/education/index.html](http://www.nabe.org/education/index.html)

### **National Clearinghouse for English Language Acquisition**

Resous Bileng ak ESL : Lektè ak ekritman pou elèv ki gen konpetans limite nan lang angle

*Limited English Proficiency (LEP)* ak fanmi yo

[www.ncela.gwu.edu/spotlight/1\\_parents.html](http://www.ncela.gwu.edu/spotlight/1_parents.html)

### **Sant nasyonal alfabetizasyon pou fanmi**

#### ***National Center for Family Literacy***

*Hispanic Family Learning Institute*

<http://www.famlit.org/site/c.gtJWJdMQIsE/b.1697307/k.415C/>

[Hispanic\\_Family\\_Learning\\_Institute.htm](http://www.famlit.org/site/c.gtJWJdMQIsE/b.1697307/k.415C/Hispanic_Family_Learning_Institute.htm)

### **Department Edikasyon vil Nouyòk**

#### ***New York City Department of Education (NYCDOE)***

[schools.nyc.gov/Offices/ELL/default.htm](http://schools.nyc.gov/Offices/ELL/default.htm)

# TIMOUN!

## BIBLIYOTÈK PIBLIK VIL NOUYÒK

Bibliyotèk Piblik *Brooklyn* Bibliyotèk Piblik vil Nouyòk Bibliyotèk *Queens*

### ENVITE TOUT TIMOUN, DEPI TIBEBE JISKA TIMOUN LAJ 12 AN POU YO APLIKE POU YON KAT BIBLIYOTÈK!

Si pitit ou deja gen kat bibliyotèk, mayifik! Ou pa bezwen yon lòt kat.

Si pitit ou pa t janm gen yon kat, oubyen si kat la te pèdi, tanpri ranpli aplikasyon ki anba a :

(Tanpri ekri an karaktè enprimri.)

Non pitit la \_\_\_\_\_

Jou l fèt \_\_\_\_\_

MWA / MONTH

JOU / DAY

LANE / YEAR

Adrès \_\_\_\_\_

Apt. # \_\_\_\_\_ *Borough* oswa vil \_\_\_\_\_

Eta \_\_\_\_\_ Zip Kòd \_\_\_\_\_ Telefòn \_\_\_\_\_

Adrès Paran/Adrès Postal (si li pa menm) : \_\_\_\_\_

#### PARAN OSWA GADYEN LEGAL :

**Tanpri li deklarasyon sa yo, fè yon tchèk akote A oswa akote B, epi siyen non w.**

Mwen bay pitit mwen pèmasyon pou l gen yon kat bibliyotèk. Mwen dakò pou mwen responsab materyèl pitit mwen an chwazi ak tout pèt bibliyotèk la fè lè kat li genyen dapre aplikasyon sa a endike se li ki kòz pèt la.

A. \_\_\_ Pitit mwen, ki gen laj 12 lane oubyen mwens, kapab prete materyèl pou jèn moun pou granmoun ak pou timoun.

B. \_\_\_ Pitit mwen kapab prete materyèl pou timoun sèlman.

Non (tanpri ekri an karaktè enprimri) \_\_\_\_\_

Siyati \_\_\_\_\_

BIBLIYOTÈK PIBLIK *BROOKLYN* 718-230-2100 [www.brooklynpubliclibrary.org](http://www.brooklynpubliclibrary.org)

BIBLIYOTÈK PIBLIK VIL NOUYÒK (*MANHATTAN, BRONX* ak *STATEN ISLAND*) 212-576-0031 [www.nysl.org](http://www.nysl.org)

BIBLIYOTÈK *QUEENS* 718-990-0705 [www.queenslibrary.org](http://www.queenslibrary.org)

**Tanpri pote fòm sa a tounen lè w fin ranpli l nan bibliyotèk nan katye w ak yon pyès idantite**

## REMÈSIMAN

### **NEW VISIONS FOR PUBLIC SCHOOLS TA RENMEN REMÈSYE MOUN SA YO KI KONTRIBYE NAN GID POU ALFABETIZASYON POU FANMI :**

#### ***New Visions for Public Schools***

Samira Ahmed  
Tracey Marie Allen  
Lili Brown  
Drew Dunphy  
Stephanie Fisher  
Holly Laws  
Elena Melendy

#### **Depatman Edikasyon vil Nouyòk**

Andre Alonso  
Jemina Bernard  
Carmen Fariña  
Natasha Howard  
Laura Kotch  
Medea McEvoy  
Heather McRae-Woolf  
Brenda Steele  
Barbara Stripling, Otè Prensipal

#### ***Random House, Inc.***

Melanie Fallon-Houska  
Peter Olson  
Kathy Trager  
Ed Volini

#### **Bibliyotèk piblik *Brooklyn***

Rachel Payne  
Sheila Schofer  
Grace Shanahan  
Judy Zuckerman

#### **Bibliyotèk piblik vil Nouyòk**

Sandra Payne  
Margaret Tice

#### **Bibliyotèk piblik *Queens***

Rosanne Cerny  
Carol Katz  
Caren Koh

## *New Visions for Public Schools*

yo fonde an 1989, se pi gwo òganizasyon pou refòm edikasyon ki ba tèt li kòm misyon pou l amelyore kalite edikasyon timoun ap resevwa nan lekòl leta nan vil Nouyòk. *New Visions* travay avèk sektè piblik ak prive pou devlope pwogram ak règleman pou fè ansèyman ak aprantisaj pi enteresan epi pou ogmante nivo pèfòmans elèv yo.

NEW VISIONS FOR PUBLIC SCHOOLS

320 West 13th Street • New York, NY 10014

Tелефòn 212-645-5110 • Faks 212-645-7409

[www.newvisions.org](http://www.newvisions.org)



# NEW VISIONS

FOR PUBLIC SCHOOLS



DEPATMAN EDIKASYON VIL NOUYÒK



BIBLIYOTÈK PIBLIK *BROOKLYN*



The New York Public Library  
ASTOR LENOX TILDEN FOUNDATION

BIBLIYOTÈK PIBLIK NOUYÒK



Queens  
Library

BIBLIYOTÈK *QUEENS*